

ENFÒMASYON ENPÒTAN SOU ESTATI PWOTEKSYON TANPORÈ POU AYISYEN



Jou ki te 17 me, 2011 la, gouvènman ameriken an te repwoklame estati pwoteksyon tanporè, pou Ayisyen yo. Estati pwoteksyon tanporè a ke yo rele (TPS) pèmèt ou rete epi travay legalman isit Ozetazini jouk rive nan dat ki va 22 janvyè 2013. Li posib pou gouvènman-an pwolonje dat ekspirasyon sa, lè lè a va rive.

Si'w satisfè tout kondisyon sa yo, ou kalifye pou aplike pou estati pwoteksyon tanporè-a:

- Si'w se sitwayen oubyen natif natal ayisyen, osinon ou pa gen nasyonalite, men dènye kote'w te abite se te Ayiti, **EPI**,
- Ou abite isit Ozetazini depi 12 janvyen 2011 oubyen depi anvan dat sa menm.

Si'w kalifye, ou dwe aplike pou TPS. Ranpli fòm nan, epi voye'l ale ansanm ak tout pyès nesèsè pou regle sa anvan **15 novanm 2011**. Li koute \$515 dola an total pou fè demann nan, men ou kapab mande pou yo fè'w gras pou'w pa peye lajan sa si'w ka prezante prèv ki demontre ke'w pa gen mwayen dekwa pou peye.

Si'w **te gen TPS deja**, ou dwe renouvle'l, epi renouvle kat otorizasyon travay la tou **anvan 22 out 2011**. Li va koute \$465 dola an total pou refè demann nan, men ou kapab mande pou yo fè'w gras pou'w pa gen pou peye lajan sa. Daprè yon kominike ki te soti, dat ekspirasyon kat otorizasyon travay ou genyen kounye-la va *pwolonje otomatikman*. Kidonk, menmsi ou wè dat ekspirasyon ki sou li a di 22 jiyè 2011, kat sa valab pou jouk rive 22 janvyè 2012.

Nou konseye'w chèche jwenn bon jan konsèy yon avoka anvan ou prezante demann TPS la, espesyalman si'w te janm nan pwoblèm ak lapolis, oubyen si yo janm jwenn ou koupab pou yon krim. Li posib pou'w pa kalifye pou jwenn TPS la si'w gen dosye kriminèl.

SI'W TA BEZWEN ASISTANS JURIDIK POU GRANMESI, OU KAPAB KONTAKTE LSNJ-LAW™, NAN LIY ENFÒMASYON BIWO SÈVIS JURIDIK NYOUDJÈZE-A

Sèvis jiridik Nyoudjèze se yon òganizasyon ki kouvri tout eta-a, li pa travay pou lajan. Li bay konsèy jiridik pou granmesi, e nan kèk ka, li bay reprezantasyon legal pou rezidan Nyoudjèze yo ki pa gen gran mwayen ekonomik. Pou'w ka konnen si'w kalifye pou resevwa sèvis nou, ou ka kontakte nou nan liy enfòmasyon nou an ki pou tout eta-a ki se: 1-888-576-5529, depi lendi pou rive vandredi, 8:00 nan maten pou 5:30 nan aprèmidi. Lè'w kontakte nou, sonje pou'w fè konnen ke se pou afè TPS pou ayisyen yo ke'w rele. Nou gen entèprèt disponib pou kreyòl, fransè ak lòt lang ankò.

FÈ ANPIL ATANSYON AK MOUN KI DI KE YO SE NOTÈ PIBLIK. Yo pa gen fòmasyon pou ba'w konsèy legal sou zafè imigrasyon oubyen pou prepare fòm TPS-la pou-ou. Si fòm TPS la pa byen ranpli, li posib pou'w pa jwenn benefis ke lalwa ba'w dwa pou jwenn. Li posib pou yo mete'w nan pwosesis rapatriman, e yo ka menm voye'w tounen nan peyi'w. Sonje byen, se dwa'w pou mande yon avoka pou verifiye lisans li oubyen sètifika ki pwouve ke'l kalifye pou fe sa l'ap fe-a.